



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ADMINISTRASYON TI BIZNIS ETAZINI PRAL BAY
PRÈ AK TO ENTERÈ KI BA POU REZIDAN AK BIZNIS NAN SÈT KONTE KE
TANPÈT TWOPIKAL FRED AFEKTE**

Sant Sansibilizasyon pou Prè apre Katastwòf la pral ede aplikan yo ouvri nan 25 janvye

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Administrasyon Ti Biznis Etazini an pral mete prè ki gen to enterè ba disponib pou mèt kay yo ak ti biznis yo ke Tanpèt Twopikal Fred afekte nan mi out pou ede nan rekiperasyon yo. Prè ki gen to enterè ba yo disponib pou rezidan ak ti biznis yo nan Konte Steuben ak konte vwazen yo nan Allegany, Chemung, Livingston, Ontario, Schuyler ak Yates.

"Tanpèt twopikal Fred la te gen yon enpak devastatè sou rezidan nan Konte Steuben yo - nou kapab toujou santi enpak yo jodi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan refi FEMA pou bay konte a Asistans Endividyle te plis ke desevan, prè Administrasyon Ti Biznis Etazini ki gen to enterè ki ba sa yo pral enpòtan nan ede rezidan ak biznis yo tounen sou pye yo osi vit posib".

Prè SBA yo ap ofri èd pou mèt kay, lokatè, biznis ak lòt moun ki bezwen sipò finansye apre ijans oswa katastwòf ki gen rapò ak move tan yo. Apre evènman an, pèsonèl ki soti nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la ak Konte Steuben te reyalize yon evalyasyon konplè sou domaj ki lye ak ensidan sa a. Evalyasyon sa a te konfime ke te gen gwo domaj nan 38 kay ak 14 biznis ki bay total 1,073,000 dola ak 1,050,000 dola respektivman, ansanm ak ti dega nan 84 kay ak 12 biznis/òganizasyon ki san bi likratif ki bay total 700,000 dola ak 185,000 dola respektivman.

Gwoup ki annapre yo gen dwa kalifye pou èd prè apre katastwòf SBA pou bagay ki annapre yo:

- Mèt Kay yo: jiska 200,000 dola pou repare ouben ranplase pwopriyete yo ki andomaje ouben kraze
- Mèt Kay ak lokatè yo: jiska 40,000 dola pou repare ouben ranplase pwopriyete pèsonèl ki andomaje ouben kraze

- Pwopriyetè Biznis yo: jiska 2 milyon dola pou ranplase pwopriyete, envantè, machin, ekipman ak lòt pèt fizik
- Biznis ak òganizasyon san bi likratif yo: Prè pou Katastwòf Dega Ekonomik jiska 2 milyon dola pou bay fon woulman ki nesesè jiskaske operasyon nòmal yo rekòmanse apre yon katastwòf

Komisè Pwovizwa Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Rekonstwi apre yon tanpèt pa janm fasil akòz estrès ak presyon finansye yo ki agrave bagay yo. Prè sa yo pral ede Nouyòkè yo ke katastwòf sa afekte atravè prè ki gen to enterè ki ba. Mwen remèsyé SBA pou asistans li pou ede rezidan Steuben yo rekipere apre Tanpèt Twopikal Fred la".

To enterè yo ka tèlman ba rive 1.563 poustan pou mèt kay ak lokatè yo, 2.00 poustan pou òganizasyon san bi likratif yo ak 2.855 poustan pou biznis yo sou yon dire 30 ane. Se SBA ki defini montan ak kondisyon prè yo ki baze sou sitiyasyon finansye chak aplikan.

SBA te louvri yon Sant Sansibilizasyon pou Prè apre Katastwòf (Disaster Loan Outreach Center, DLOC) pou ede sivivan yo aplike. Reprezantan Asistans Kliyan yo disponib pou ede aplikan yo ranpli aplikasyon an epi reponn kesyon sou pwogram prè apre katastwòf SBA a. Enfòmasyon sou DLOC yo se sa yo:

Sant Sansibilizasyon pou Prè apre Katastwòf

Woodhull New York Town Hall, 1585 Academy Street, Woodhull, N.Y., 14898

Dat Ouvéti: Madi 25 janvye nan 11:00 a.m.-6:00 p.m.

Jou Fonksyonman: Lendi - samdi

Lè: 9:00 a.m.-6:00 p.m. EDT Lendi-Vandredi; 8:00 a.m.-12:00 p.m. EDT Samdi

Fèmen nan dimanch

Fèmen yon fason pèmanan: Jedi 10 fevriye nan 4:00 p.m.

Aplikan yo ka voye imèl bay Sant Sèvis pou Kliyan SBA a tou nan **(800) 659-2955** oswa voye yon imèl bay disastercustomerservice@sba.gov pou plis enfòmasyon sou èd pou katastwòf SBA a. Moun ki soud oswa ki pa tande byen yo ka rele **(800) 877-8339**. Ou ka telechaje aplikasyon pou prè yo tou nan <http://www.sba.gov/disaster>. Yo ta dwe voye pa lapos aplikasyon ki konplè yo nan U.S. Small Business Administration, Processing and Disbursement Center, 14925 Kingsport Road, Fort Worth, TX 76155.

Delè pou ranpli epi retounen aplikasyon yo pou domaj fizik nan pwopriyete se 21 mas 2022. Delè pou retounen aplikasyon yo pou domaj ekonomik se 20 oktòb 2022.

###